# KLASSIK SHAYÍRLARDÍŃ DÓRETIWSHILIK LABORATORIYASÍNDA KÓRKEM WAQÍT HÁM KEŃISLIK MÁSELELERI

**Zinatdinova G.I.**
**Qaraqalpaq mámleketlik universiteti**
https://doi.org/10.5281/zenodo.22245363

Qaraqalpaq ádebiyatında lirikanıń janr sıpatında qáliplesiwi XIX ásirdegi klassik shayırlardıń dóretiwshiligi menen baylanıslı. Usı jerde filologiya ilimleri doktorı, professor Q.Járimbetovtıń mına pikiri dıqqatqa ılayıq: «... XVIII ásirdiń ekinshi yarımındaǵı hám XIX ásirdegi qaraqalpaqlardıń tariyxıy-jámiyetlik sharayatları, ekonomikalıq hám mádeniy turmısı burınǵı folklorlıq yamasa yarım folklorlıq sóz ónériniń ornına kóp janrlı, quramalı, ráńbáreń jazba ádebiyattı payda etedi. Qorshap turǵan ortalıqtı, turmıstı, jámiyetlik qatnaslardı jámáátlik oy-pikirler menen emes, al jekke, yaǵnıy avtorlıq oy-pikir, sana-sezim arqalı sáwlelendiriw múmkin boladı... Qaraqalpaq xalıq dástanlarında, tolǵawlarında, qosıqlarında adamzatqa tán muń-sher, kúyinish-súyinish, qayǵı-qásiret usaǵan sezimler individual jol menen emes, yaǵnıy lirikalıq jol menen emes, al jámáátlik, xalıqlıq oylaw, pikirlew jolı menen beriledi. Al XIX ásirdegi shayırlar Kúnxojanıń, Berdaqtıń, Ájiniyazdıń, Óteshtiń shıǵarmalarında joqarıda keltirilgen qásiyetlerdi jekke avtorlıq sezimler, oy-pikirler arqalı beriw anıq kórinedi»[1]. Usınday jekke avtorlıq oy-pikirlerdi beriwde klassik shayırlardıń waqıt hám keńislikke qatnası úlken áhmiyetke iye.

Qazaq ádebiyattanıwınıń «Baxtini» dep atalatuǵın belgili ilimpaz B.Maytanov Abay dóretiwshiligindegi waqıt hám keńislik máselelerine arnalǵan miynetinde: «Abay filosofiyasınıń eń baslı dáregi – Waqıt (álbette, keńislik túsinigi óz-ózinen sana astında turadı). Dáslebinde shayır bunday obyektiv tábiyiy qubılısqa dıqqat qaratpaǵan bolsa kerek. Waqıt – ananıń qursaǵında júrip, waqıtlıq máselelerdi sheshemen dep oylaw – ózińdi aynasız kóriwdiń múmkin emesligindey qıyın nárse. Degen menen, Abay ómir súriw waqıttıń sıńarına aylanıw ekenin biledi. Onıń shıǵarmaları – oy-sanadaǵı xronotoptı tekst arqalı ańlatıwǵa umtılısı»[2] degen pikir bildirgen. Bul pikir XIX ásir qaraqalpaq klassik shayırları shıǵarmalarındaǵı waqıt, keńislik ushın da belgili dárejede xarakterli. Klassik shayırlar Kúnxoja, Berdaq, Ájiniyaz, Ótesh shıǵarmalarında waqıt (keńislik penen birge) insannıń ótip baratırǵan ómiri arqalı beriledi. Máselen, Berdaq shayırdıń «Ómirim» qosıǵında adamnıń tuwılǵanınan baslap qartayǵanǵa shekemgi biografiyalıq waqtı insan ómiriniń nárestelik, balalıq, óspirimlik, jaslıq, ereseklik, kekselik sıyaqlı hár qıylı dáwirlerdegi fizikalıq, aqılıy hám xarakterlik (minez-qulıq) ózgerisleri menen baylanıslı sáwlelengen:

Birimde háwlep kúlgenim,
Ata-anamdı bilgenim,
Úshimde ǵaz-ǵaz júrgenim,
Alaqanda turǵan ómirim.
On birimde janım jaqtım,
On úshimde buzaw baqtım,
Jetimlik gúlshesin tattım,

---

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Монография. – Нөкис: Билим, 2004. – Б. 28-29.
[2] Майтанов Б. Абай және уақыт туғырнамасы // Абай институтының хабаршысы. – Алматы, 2010, №1. [Электрон ресурс]. // https://abai.kaznu.kz/?p=1359

Ǵamlı balalıq ómirim[3].

Belgili rus ilimpazı V. E. Xalizev kórkem waqıt biografiyalıq (balalıq, jaslıq, er jetkenlik, ǵarrılıq), tariyxıy (dáwirler hám áwladlar almasıwı, jámiyetlik-siyasiy turmıstaǵı úlken waqıyalar), kosmoslıq (máńgilik haqqında túsinik), kalendarlıq (máwsimler, kúnler almasıwı), sutkalıq (kún hám tún), sonday-aq, ótken, házirgi hám keler máhállerge qatnaslı birneshe túrlerge bóldi[4]. Kúnxojanıń «Kún qayda», «Jigirma beste», «Shalqıp maqsetli jerge bara almay», «Ne boldım», Ájiniyazdıń «Megzer», Óteshtiń «Kórdim» sıyaqlı qosıqlarında da usınday biografiyalıq xronotop berilgen. Xronotoptı usı taqılette insan ómiri mısalında ańlaw sananıń waqıt-keńislikke qatnasındaǵı burınnan qáliplesken, dástúriy hám eń keń tarqalǵan túrlerinen biri esaplanadı. Bul haqqında belgili ilimpazlar N. D. Tamarchenko, V. I. Tyupa, S. N. Broytmanlardıń avtorlıǵındaǵı ádebiyat teoriyasına arnalǵan miynettiń birinshi tomında keltiriliwinshe, kópshilik shıǵarmalarda biografiyalıq waqıt (miynette avtorlar «ápiwayı waqıt» dep ataydı – Z.G.) qaharman ómirindegi kriziske parallel beriledi[5], yaǵnıy insan ómirindegi daǵdarıslar, qıyınshılıqlar biografiyalıq xronotop arqalı beriledi. Máselen, Ótesh Alshınbay ulınıń «Kórdim» qosıǵında:

Birden keldim eki yashqa,
Ne sawdalar tústi basqa,
Qonıp ǵarǵaday aǵashqa,
Dúnyanıń máwsimin kórdim...
Sákkizden keldim toqqızǵa,
Yurdim yoshıp kelsem jazǵa,
Megzedim zaya juldızǵa,
Dúnyanıń záhmetin kórdim[6], dep ómirindegi krizislik jaǵdaylardı keltirse, Kúnxoja Ibrayım ulı «Jigirma beste» qosıǵında:

Paydası ushın etek-jeńdi túrerseń,
Kúnlik ushın jaman shapan kiyerseń,
Dáwranıń ótkenin anıq bilerseń,
Otız jastan ótip qırıqqa kelgende[7], dep jazadı. Bunda lirikalıq qaharmannıń basınan keshirgen qıyınshılıqları, ótken ómirge, waqıtqa, zamanǵa, óziniń sociallıq jaǵdayına, kún-kórisine kewli tolmaw, insannıń biologiyalıq jası joqarılaǵan sayın tirishilik etiwdiń qıyınlasıp baratırǵanlıǵına nalıw (elegiyalıq) sezimleri biografiyalıq xronotop arqalı berilgen.

Waqıtlıq mánidegi, báhár, jaz, gúz, qıs sıyaqlı máwsimlik xronotoplar Kúnxoja, Berdaq, Ájiniyaz, Ótesh shıǵarmalarında ózleriniń tuwra mánisinde qollanılıwı menen birge metaforalıq-simvollıq obraz dárejesine kóterilgen. Máselen, Kúnxoja Ibrayım ulı shıǵarmalarında máwsimlik xronotoplar tuwra mánisinde máwsimge baylanıslı miynet túrlerin súwretlewde (gúzde egin jıynaw, jazda sharwashılıq etiw h.t.b.) qollanıladı:

Kúni-túni ordıq pishen, salını,
Gúzdiń kúni jıydıq pisken tarını[8].

---

[3] Бердақ. Сайланды шығармалары. Қайта басылым. – Нөкис: Билим, 2019. – Б. 45.
[4] Хализев В.Е. Теория литературы. – Москва: Высшая школа, 2002. – С. 248.
[5] Тамарченко Н.Д., Тюпа В.И., Бройтман С.Н. Теория литературы. В двух томах. Том I. – Москва: Academa, 2004. – С.182. [Электронный ресурс] // https://www.twirpx.com
[6] Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1978. – Б. 19.
[7] Kúnxoja. Saylandı qosıqlar. – Nókis: Bilim, 2019. – B. 30.
[8] Sonda. – B. 18.

Jaz bolsa birewdiń ılağın bağıp,
Shóllerdi hám qızıl qumdı kórerseń[9].

Berdaq Ǵarǵabay ulınıń «Jaz keler me?», «Qashan ráhátlanadursań», «Kórindi» sıyaqlı qosıqlarında máwsimlik xronotoplar awıspalı mánide (jaz, báhár – jaqtı keleshek, ádalatlı zaman, qıs – ádalatsız, qıyınshılıqlı zaman) qollanılǵan:

Jaynap-jasnar waq bolmadı,
Biz sorlıǵa jaz keler me?
... Júre almadıq kúlip-oynap,
Qıslar ketip, jaz keler me?[10]
Berdimurat der shertip sazdı,
Báhár etip qısı-jazdı[11].

XIX ásirdegi klassik shayırlar lirikasında, eń aldı menen, real (obyektiv) keńislik formaları kózge taslanadı. Olar lirikalıq qaharman háreket etken yamasa jasaǵan geografiyalıq orın (toponimikalıq) atamaları (Ayırsha, Toqtas, Mantıq, Terbenbes h.b.) menen beriledi:

Júrgen jerim Ayırsha ataw...
Arqam Toqtas, suwı tereń (Berdaq).
Balıq awlap Toqtas, Mantıq boyınan...
Kólsaǵa, Ayırsha, Terbenbes teńiz (Kúnxoja).

Bul keńislik orınları xalıqtıń jasaw hám tirishilik etiw orınları esaplanadı. Olar kóbinshe publicistikalıq, táriyip janrındaǵı qosıqlarda ushırasadı.

Tóbe, shól, taw, jar, kól sıyaqlı keńislik orınları metafora xızmetinde kelip, lirikalıq qaharmannıń ómirindegi qıyınshılıqlardı kórkem súwretlewde qollanıladı:

Tawdan ushqan búrkit boldım,
Qonar tóbem bolǵan emes.
Tobınan qalǵan ǵaz boldım,
Qonar kólim bolǵan emes[12].
Kóp sarsılıp bolma qapa,
Qıya shólde shekpe japa.

Belgili ilimpazlar V. N. Toporov, V. V. Vinogradov, V. Ya. Propp, V. G. Shklovskiy, P. A. Florenskiylerdiń pikirinshe, kórkem keńislik sana arqalı qabıllanadı hám kórkem obrazǵa aylanadı. Bunıń nátiyjesinde kórkem keńisliktiń ishki ham sırtqı formaları qáliplesedi. Bunda insan sanasındaǵı «men» (lirikalıq «men») ishki keńislik esaplanadı. Ishki «men»nen tısqarı orınlar bolsa, sırtqı keńislik esaplanadı[13]. Joqarıda keltirilgen xronotoplıq obrazlar sırtqı keńislik formaları bolıp, olar lirikalıq qaharman «men»ine, yaǵnıy ishki keńislikke tásir etedi, lirikalıq qaharmannıń ishki keshirmeleriniń júzege shıǵıwına túrtki boladı. XIX ásir qaraqalpaq lirikasın izertlegen ilimpaz Q.Járimbetov monografiyasında XIV-XVIII ásirlerde jıraw-shayırlardıń dóretiwshiliginde lirikalıq «men»niń jámáátlik (kollektivlik) sana-sezimnen ózin

[9] Sonda. – B. 46.
[10] Бердақ. Сайланды шығармалары. Қайта басылым. – Нөкис: Билим, 2019. – Б. 14-15.
[11] Сонда. – Б. 38.
[12] Сонда. – Б.18-19.
[13] Топоров В.Н. Миф. Ритуал. Символ. Образ. – Москва: Прогресс – Культура, 1995; Флоренский П.А. Анализ пространственности и времени в художественно-изобразительных произведениях. – Москва: Мысль, 2000. // Жилина Т.С. Семантика художественного пространство в романе Дж. Джойса «Портрет художника в юности». Автореф.дисс. канд.филол. наук. – Калининград, 2008.

ajırata almaǵanlıǵın, jekke dóretiwshilikke tán lirikalıq qásiyetler (daralanǵan lirikalıq qaharman, lirikalıq xarakter, lirikalıq syujet, lirikalıq konflikt, kúshli emocionallıq tásirsheńlik hám taǵı basqalar) XIX ásirdegi qaraqalpaq klassikalıq lirikasında tolıǵı menen qálipleskenligin atap kórsetedi[14].

Bunnan kelip shıǵa otırıp, ishki keńisliktiń payda bolıwı lirikalıq «men»niń qáliplesiwi penen tıǵız baylanıslı dep esaplasaq, qaraqalpaq lirikasında ishki keńisliktiń tolıq qálipseliwi XIX ásirdegi klassik shayırlar dóretiwshiliginde anıq kózge taslanadı dep juwmaq shıǵarıw orınlı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Монография. – Нөкис: Билим, 2004.
2. Майтанов Б. Абай және уақыт туғырнамасы // Абай институтының хабаршысы. – Алматы, 2010, №1. [Электрон ресурс]. // https://abai.kaznu.kz/?p=1359
3. Бердақ. Сайланды шығармалары. Қайта басылым. – Нөкис: Билим, 2019. – Б. 45.
4. Хализев В.Е. Теория литературы. – Москва: Высшая школа, 2002. – С. 248.
5. Топоров В.Н. Миф. Ритуал. Символ. Образ. – Москва: Прогресс – Культура, 1995; Флоренский П.А. Анализ пространственности и времени в художественно-изобразительных произведениях. – Москва: Мысль, 2000. // Жилина Т.С. Семантика художественного пространство в романе Дж. Джойса «Портрет художника в юности». Автореф.дисс. канд.филол. наук. – Калининград, 2008.
6. SAGIDULLAEVA, D. N. THE CHRONOTOPE OF THE «JANNET BA? I (GARDEN OF PARADISE)» IN THE NOVEL OF THE SAME NAME BY KARAKALPAK WRITER AMANGELDI KHALMURATOV. THEORETICAL & APPLIED SCIENCE Учредители: Теоретическая и прикладная наука, (12), 556-559.
7. Zinatdinova, G. I. (2022). The image of closed space in I. yusupov's lyrics.
8. Зинатдинова, Г. И. (2022). ХРОНОТОП «НОЧИ»(НА ПРИМЕРЕ ЛИРИКИ Ш. РАХМОНА И Ш. СЕЙИТОВА). Academic research in educational sciences, (2), 1134-1138.
9. Зинатдинова Г.И. (2019). ОСОБЕННОСТИ СОЗДАНИЯ ОБРАЗОВ ХУДОЖЕСТВЕННОГО ВРЕМЕНИ И ПРОСТРАНСТВА В ЛИРИКЕ Ш.СЕЙИТОВА. Экономика и социум, (9 (64)), 123-125

[14] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Монография. – Нөкис: Билим, 2004. – Б. 25-26.